

Chè paran ak responsab,

Mwen kontan fè w konnen school nou an ap enplemanje yon pwogram Math and Reading yo rele *i-Ready*. Pi ba a, w ap ka jwenn enfòmasyon sou pwogram nan ak fason nou pral itilize nan salklas la.

### **Kisa *i-Ready* a ye?**

*i-Ready* se yon pwogram sou entènèt ki pral ede w detèmine pwen fò pitit ou a ak domèn li bezwen amelyore. Pwogram sa a pèsonalize aprantisaj yo epi kontwole pwogrè yo pandan tout ane lekòl la. *i-Ready* pèmèt nou rankontre pitit ou a kote l ye a epi ban nou done k ap sèvi nou nan enstriksyon n ap ba li yo.

***i-Ready Diagnostic*** a se yon zouti evalyasyon ki ajiste kesyon l yo ak bezwen pitit ou a. Chak detay yon elèv resevwa fèt sou baz repons kesyon li te reponn anvan yo. Pa egzanp, si li byen reponn kesyon yo pwochen kesyon yo ap yon ti jan pi difisil. Alòske si repons kesyon l yo pa kòrèk, lòt yo ap pi fasil. Objektif la se pa pou evalye l epi ba l yon nòt men se pou detèmine pi bon fason nou ka ba ede yo nan aprantisaj yo a.

### **Kijan mwen ka bay kout men?**

Pou ede pitit ou a prepare pou ***i-Ready Diagnostic*** a, ankouraje yo:

- Byen dòmi epi byen manje nan jou evalyasyon an.
- Byen reflechi sou chak kesyon epi evite twò prese.
- Evite bay tèt nou pwoblèm pou kesyon nou pa konnen yo—raple yo ke nou pa atann y ap ka fè plis pase mwatye nan kesyon yo korèkteman.
- Montre respè pou lòt elèv ki pran plis tan pou fini yo.
- Sèvi ak papye ak kreyon pou fè egzèsis matematik yo.

### **Ki lòt bagay?**

Pati *i-Ready Diagnostic* a pral bay rezilta k ap pèmèt yo idantifye pwen fò pitit ou a epi detèmine pwochen etap nan enstriksyon l lan. M paka tann pou m pataje rezilta sa yo avèk ou pandan tout ane a epi founi yon eksperyans aprantisaj k ap enplike pitit ou a pandan y ap anseye l matyè ak konsèp ki enpòtan pou li.

Si w gen kesyon sou *i-Ready*, tanpri pa ezite kontakte m oswa lekòl la. Ou ka aprann plis bagay toujou sou *i-Ready* si w vizite [i-ReadyCentral.com/FamilyCenter](https://i-ReadyCentral.com/FamilyCenter).

Kòm toujou, mèsi dèske w toujou kore nou epi ou toujou prezan nan aprantisaj pitit ou a. Nou bay sa anpil valè.

Nou salye w,

*Ms. Scatliffe*

*Literacy Coach*